# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–28 अगस्त 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि जब समाज के आखिरी छोर पर बइठल अदमी वित्तीय तौर से जुड़ि जाला त पूरा देस एक साथे आगे बढ़ेला आ ई प्रधानमंत्री जन धन योजना से संभव हो पवले हौ। प्रधानमंत्री जन धन योजना के आजु इग्यारह बरिस पूरा भइले पर उहां के एगो सोसल मीडिया पोस्ट में योजना से जुड़ल झलकी साझा करत ई बात कहलीं। प्रधानमंत्री अपने पोस्ट के जरिया से बतवलीं कि कइसे ई योजना वंचित लोगिन कै वित्तीय समावेशन से ससक्तिकरण कई के पूरा भारत में जीवन बदल दिहलै हौ।

प्रधानमंत्री पनरह अगस्त दुई हजार चउदह के लाल किला के प्राचीर से ई पहल क घोसणा कइले रहलीं। अट्ठाइस अगस्त दुई हजार चउदह के कार्यक्रम क सुरुआत करत प्रधानमंत्री येह मौका के गरीबन के दुस्चक्कर से मुक्ति क उत्सव बतवले रहलें। एगो रिपोर्ट–

**प्रधानमंत्री जन धन योजना का उद्देश्य व्यापक वित्तीय समावेशन लाना है और देश के सभी परिवारों को बैंकिंग सेवाएं प्रदान करना है। प्रधानमंत्री जन धन योजना प्रत्येक परिवार के लिए एक बुनियादी बैंकिंग खाते, वित्तीय साक्षरता, ऋण बीमा और पेंशन सुविधा तथा बैंकिंग सुविधाओं तक पहुंच के लिए एक मंच प्रदान करती है। अनुपम मिश्रा के साथ अमन यादव, आकाशवाणी समाचार दिल्ली।**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री जन धन योजना के इग्यारह सालि पूरा भइले पर बधाई दिहले हवें। उहां के कहलीं कि ई योजना बैंक खाता खोलले के सथहीं आर्थिक आत्मनिर्भरता, सामाजिक सम्मान आ नारी ससक्तिकरण के दिसा में एगो इतिहासिक क्रांति साबित भइल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ श्रम कानूनन के सरलीकरण के लेके उद्योग आ ब्यौपार से जुड़ल कई गो मुद्दन पर आजु लखनऊ में एगो उच्च स्तर क बइठकी कइलीं। बइठकी में राज्य में उद्योग आ ब्यौपार से जुड़ल तेरह राज्य अधिनियमन में से निन्यानबे फीसदी आपराधिक प्रावधान खतम कइले के तइयारी पर चर्चा भईल। एकरे बदे सुगम्य व्यापार–प्राविधानों का संशोधन विधेयक दुई हजार पचीस जल्दिये पेस कइल जाई। एगो रिपोर्ट–

**प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के रिफॉर्म, परफॉर्म, ट्रांसफार्म के मंत्र के अनुरूप मुख्यमंत्री ने प्रदेश में औद्योगिक और श्रम सुधारों की दिशा में कदम बढ़ाया है। शीघ्र ही उत्तर प्रदेश देश का पहला ऐसा राज्य बनने जा रहा है जो व्यावहारिकता के दृष्टिकोण से बड़े पैमाने पर आपराधिक प्रावधानों को गैर आपराधिक प्रावधानों में परिवर्तित करेगा। आज आयोजित उच्च स्तरीय बैठक में मुख्यमंत्री ने सरकार की प्रतिबद्धता को दोहराते हुए कहा कि ईज ऑफ डूइंग बिजनेस को और सशक्त बनाने के लिए नए कदम उठाना समय की मांग है। उन्होंने कहा कि प्रधानमंत्री के श्रमेव जयते के भाव को आत्मसात करते हुए हमे ऐसे सुधार करने होंगे जो उद्यमियों और श्रमिकों दोनों के हित में हों। बैठक में श्रम कानूनों के सरलीकरण को लेकर विस्तार से चर्चा की गई। साथ ही निवेश मित्र थ्री प्वाइंट जीरो पर भी विचार विमर्श किया गया। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

हिमाचल प्रदेस क राज्यपाल शिव प्रताप शुकुल आजु आकाशवाणी केन्द्र गोरखपुर क दउरा कइलीं। येह दौरान उहां के एगो खास साक्षात्कार दिहलीं। येह साक्षात्कार क प्रसारण आकाशवाणी के गोरखपुर केंद्र से आजु राति आठ बजे कइल जाई।

**********

जम्मू में भारी बरखा और जमीन खिसकले के घटना के देखत पूर्वोत्तरो रेलवे के कई गो ट्रेन प्रभावित भइल हईं। पूर्वोत्तर रेलवे क मुख्य जनसम्पर्क अधिकारी पंकज कुमार सिंह बतउलीं कि तीनि गो ट्रेन रद्द कइ दिहल गईल हौ, ओहीं काल्हि गुवाहाटी से चलल गुवाहाटी–जम्मू तवी एक्सप्रेस क रूड़की स्टेशन पर शार्ट टर्मिनेसन कइ दिहल गइल बा। बिहने जम्मू तवी से चले वाली जम्मू तवी–गुवाहाटी एक्सप्रेस के अब जम्मू तवी के जगहि पर रूड़की से चलवले क फइसिला कइल गइल बा।

**********

भारतीय विशिष्ट पहचान प्राधिकरण देस भर के स्कूलिन से पांच से पनरह बरिस के उमिरि के लइकन बदे समय से आधार अनिवार्य बायोमेट्रिक अपडेट करवले के कहले हौ। प्राधिकरण क कार्यकारी अधिकारी भुवनेश कुमार येह बारे में सज्जो राज्य आ केंद्र सासित प्रदेसन के मुख्य सचिवन के चिट्ठी लिखि के सिविर आयोजित कइले बदे सहयोग क अपीलि कइले हवें।

**********

मौसम विभाग आजु, एक अउरि दुई सितम्बर के प्रदेस के पश्चिमी आ पूर्वी हिस्सा में कहीं कहीं भारी बरखा क चेतावनी दिहले हौ। विभाग के हिसाबि से अगिला बहत्तर घंटा बादि अधिकतम तापमानों में तीनि से पांच डिगिरि सेल्सियस क गिरावट दरज होई, हांलाकि न्यूनतम तापमान में कउनहूं बड़हन बदलाव नाही होई।

**********